

Prepare kounye a pou sezon ki gen anpil aktivite siklòn nan Atlantik lan

Release Date: Out 8, 2023

ST. CROIX, Zile Vyèj Ameriken yo – Pandan pi gwo aktivite nan sezon siklòn Atlantik la ap apwoche, FEMA ak Ajans Jesyon Ijans Teritwa Zile Vyèj ankouraje moun Zile Vyèj yo pou yo revize ak mete ajou plan preparasyon yo. Pran etap imeda pou prepare tèt ou ak paran pwòch ou yo. Ranpli twous preparasyon pou ijans ou a, pratike plan komunikasyon ijans ou a epi rete vijilan.

Gwo aktivite sezon siklòn nan Atlantik la se 10 Septanm, ak pifò aktivite ki fèt ant mitan mwa Out ak mitan mwa Oktòb, dapre Administrasyon Nasyonal Oseyan ak Atmosfè. Pa tann pou w prepare tèt ou pou yon siklòn lè yon tanpèt fòme nan Atlantik la epi boutik ranpli ak achtè kap achte pwovizyon ijans.

“Lè w byen prepare, rete vijilan epi pratike plan ijans ou yo ap diminye enkyetid ou si yon tanpèt pwoche bò Zile Vyèj Ameriken yo,” Kowòdonatè Biwo Zòn Karayib Zile Vyèj FEMA Mark A. Walters di. “Nou ankouraje moun ki nan Zile Vyèj yo pou yo kòmanse prepare yo epi pataje enfòmasyon sou preparasyon pou katastwòf ak fanmi yo ak vwazen yo.”

Ou ta dwe prepare pou w otonòm touswit apre yon tanpèt twopikal oswa yon siklòn epi pran mezi pou prepare kay ou oswa biznis ou. Moun ki gen andikap ak lòt moun ki gen aksè ak bezwen fonksyonèl ta ka gen plis konsiderasyon.

Dapre Direktè VITEMA Daryl Jaschen, “Lè li kesyon de siklòn twopikal / siklòn, kondisyon yo chanje rapidman ak chanjman sa yo, kantite tan nou panse nou toujou genyen pou preparasyon final la souvan redwi. Pandan plizyè ane ki sot pase yo, siklòn twopikal yo kontinye demonstre entansifikasyon rapid sou yon peryòd 24-48 èdtan.”

“Chak siklòn twopikal pandan peryòd gwo aktivite sa a gen potansyèl pou yo vin yon evènman ki menase lavi kominate nou an. Mennen tèt ou, fanmi ou, ak bèt kay ou yo nan yon zòn ki an sekirite BONÈ, pou jiskaske tanpèt la fin pase,” Jaschen te di. “Si yo prevwa yon siklòn ap pase nan oswa toupre zile kote w rete



FEMA

Page 1 of 4

a, antisipe epi prevwa ke ou pa p gen kouran oswa komunikasyon lakay nou pou yon peryòd tan pwolonje. Èd pral vini, men simonte tan ak distans pral pi gwo defi nou an. Jiska lè sa a, sipòte vwazen ou yo epi travay ansanm. Kontinye vin fò."

Gen etap ou ka pran kounye a pou asire oumenm ak fanmi w pi byen prepare pou pi gwo aktivite sezon siklòn sa a:

Bati yon twous siviv. Fanmi yo ta dwe prepare pou yo rete nan yon kote ki an sekirite epi ki pwoteje pandan plizyè jou apre yon katastwòf lè wout yo ta ka enfranchisab, estasyon gaz ak makèt fèmen, koupe kouran ak komunikasyon ensèten.

- Sere dlo pou bwè ak asenisman, manje, medikaman, yon twous premye swen ak pwodwi ijyèn.
- Pwoteje dokiman tankou dosye vital, kontra asirans, enfòmasyon medikal, pwopriyete ak dosye finansye, nan estoke kopi nan yon bwat depo sekirite oswa yon lòt kote separe ak kay ou. Sa yo ka nesesè pou sivivan ki ka elijib pou aplike pou asistans pou katastwòf.
- founiti pou satisfè bezwen endividyle manm fanmi yo, tankou tibebe ak jèn timoun, granmoun aje, moun ki andikape, ak bêt kay oswa bêt sèvis.

Fè yon Plan Kominikasyon Fanmi. Chwazi yon zanmi oswa yon fanmi ki andeyò vil la kòm yon pwen kontak. Asire w ke timoun yo gen kontak ijans memorize oswa sere yo yon kote ki an sekirite. Detèmine yon kote ki an sekirite, ke fanmi an abitye yo ka ale pou pwoteksyon oswa pou reyini. Asire kote a se nan yon kote santral ak aksesib pou tout manm fanmi yo, enkli manm fanmi ki gen andikap. Si ou gen bêt kay oswa bêt sèvis, asire w ke kote a akeyan pou bêt domestik. Pou plis enfòmasyon sou fè yon plan kominikasyon familyal ale nan [Fè yon Plan](#).

Rete Enfòme. Koute bilten ofisyèl lokal yo pou jwenn enfòmasyon ki pi ajou anvan, pandan ak apre yon katastwòf. Li se yon bon lide pou gen yon batri oswa radyo ki mache ak solè pou resevwa avi katastwòf ak mizajou. Enskri pou Alert VI pou resevwa notifikasyon an tan reyèl pou ijans nan Zile Vyèj Ameriken yo nan [VITEMA - Public - Sign In \(everbridge.net\)](#). Ou ka jwenn mizajou ak enstriksyon sou move tan sou paj Facebook San Juan Puerto Rico Sèvis Nasyonal Meteyo [[National Weather Service's San Juan Puerto Rico](#)].



FEMA

Page 2 of 4

Jwenn plis enfòmasyon sou fason pou prepare nan [Siklòn | Ready.gov](#) ak [Hurricanes \(vi.gov\)](#).

Lòt Konsiderasyon pou Moun ki Andikape oswa Aksè ak Bezwèn Fonksyonèl

Moun ki gen andikap oswa ki bezwen aksè ak fonksyonèl ta dwe swiv enstriksyon jeneral ki anwo yo epi konsidere aksyon adisyonèl sa yo:

- Kreye yon rezo sipò. Kenbe yon lis kontak nan yon vesò ki fèmen nan twous ijans ou an.
- Enfòme rezo sipò w sou plan ijans ou, bezwen w yo ak fason pou w kominike pandan yon ijans.
- Si w itilize ekipman medikal dirab lakay ou ki bezwen elektrisite, pale ak founisè swen sante w sou fason w ka prepare w pou yon pann kouran.
- Si ou soud, ou gen difikilte pou tandem, ou soud avèg, oswa ou gen yon andikap lapawòl, asire w ke enfòmasyon ijans ou genyen ladan I pi bon fason pou kominike avèk ou yon fason efikas.
- Jwenn plis enfòmasyon sou preparasyon pou moun ki andikape nan [Moun ki gen Andikap yo | Ready.gov](#).
- Enskri nan Rejis Katastwòf pou moun Aje, Adilt Depandan ak Moun Andikape nan [Pou: \(gov.vi\)](#) nan Depatman Sèvis Imen Zile Vyèj yo. Ou ka pran fòmilè enskripsyon yo nan Biwo Motor Veyikil Zile Vyèj yo, Sistèm Eleksyon Zile Vyèj yo oswa biwo Sèvis Imen.

Ranfòse ak pwoteje pwopriyete w la

Moun Zile Vyèj yo ta dwe pran mezi pou pwoteje kay yo tou:

- Prepare pou estoke nenpòt bagay ki soti nan pwopriyete w la ke van siklòn ka vòltije epi li vin tounen yon objè danjere.
- Koupe pyebwa yo pou retire branch ki mouri yo epi sekirize goutyè lapli ak goutye dlo.
- Asire w ke galri, tabliye oswa abri yo byen tache.
- Tache twati yo ak klips siklòn oswa klip epi enstale boulon solid nan tèt ak anba pòt eksteryè. Achte oswa fè panno tanpèt pou fenèt yo.



FEMA

Page 3 of 4

Kenbe kay ou ak machin ou asire kont domaj van ak inondasyon. Epitou, sonje mete ajou asirans pwopriyete w la pou kouvri depans konstriksyon aktyèl yo epi ou dwe konnen ke yon kontra asirans pwopriyete pa tipikman ofri kouvèti asirans pou domaj inondasyon. Pou jwenn plis enfòmasyon sou jwenn asirans inondasyon, vizite [| The National Flood Insurance Program \(floodsmart.gov\) .](#)

Aprann plis sou ranfòsman kay ou kont danje tanpèt yo poze nan Alliance Federal pou Kay Sekirite (FLASH) nan at [#HurricaneStrong – Federal Alliance for Safe Homes – FLASH®.](#)



FEMA

Page 4 of 4